Государственное бюджетное общеобразовательное учреждение
«Средняя общеобразовательная школа №7 с.п. Пседах»

---

| « РАССМОТРЕНО» | «СОГЛАСОВАНО» | «УТВЕРЖДЕНО» |
|---|---|---|
| на заседании методического объединения | Зам.директора по УВР | Директор ГБОУ «СОШ№7 с.п.Пседах» |
| ________ Чентиева Р.У. | ________ Цечоева Ж.С | ________ Коттоева А.Б. |
| Протокол №1 от «25» августа 2023г. | Протокол №1 от «31» августа 2023г. | Приказ №1 от «01» сентября 2023г. |

# *Рабочая программа по предмету*

# *«Чеченская литература. 10 класс»*

## *Всего: 68 часов*

## *(2ч. в неделю)*

*на 2023-2024 учебный год.*

*Составитель: Учитель чеченского языка и литературы*

*Энгиноева К.Н.*

# Кхеторан кехат

## Документан бух

10-г1а классан литературина лерина долу х1ара документ кхоьллина юкъара дешаран а, коьрта юкъара дешаран а пачхьалкхан программин буха т1ехь. Программо прдметан чулацам схьа а боьллу, бовза а бовзуьйту, билгалбоккху. Белхан программо, литература 1аморан 1алашонца цхьаьна а дог1уш, дешархой кхиоран, кхеторан, 1аморан а юкъара некъаш довзуьйту.

## Документан д1ах1оттам

Литературин белхан программа дийна цхьа документ ду, цу юкъадог1у:

– кхеторан кехат;
– дешаран-тематикин план;
– дешархойн хааран т1ег1а;
– дешаран методикин болх кхочушбан оьшу г1ирсаш билгалбахар.

## Дешаран предметан юкъара характеристика

Лаккхара ийман а долуш, эстетикин мах хадо а хууш, г1иллакх-оьздангаллех массо а аг1ор адам кхиорехь доккха маь1на ду исбаьхьаллин литература. Дешаран хьукматехь литература хьехар кхочушдо искусствон дахарца з1е тасарца, кеп а, чулацам а вовшех буозарца, историна, ламасташца, керла юкъадалорашна т1е а тийжаш,историн-культурин хаамех пайдаоьцуш, литературин теорин а, историн а коьрта кхетамаш 1амош, исбаьхьаллин произведенеш талла а,церан мах хадо а хаарш луш, литературин меттан исбаьхьаллин г1ирсаш караберзош а.

Дешаран хьукматехь литература хьехаран 1алашо-дешан искусство, классически а, кхечу халкъийн а литературийн хьал довзийтар; литературан социокультурин цхьана декъах санна кхетамбалар.Литература 1аморан бух-исбаьхьаллин говзарш ешар а, 1амор; историн-культурин а хиламийн а, дешан говзанчийн биографеш а йовзийтар.

Литературин говзарийн  эстетикин мах хадо, царех кхета дешархой 1амор.

Дукха хенахь дуьйна исбаьхьаллин аг1ор дерриге халкъо классически аг1ор къобалйина, мехкан а, дуьненан а литературин хазна хилла д1ах1иттина исбаьхьаллин говзарш 1аморехь бен кхочушъялур яц литературин 1алашонаш. Цу т1е а доьг1на, школехь литература 1аморан 1алашо ю лаккхара исбаьхьаллин кхачамболу, дахаран бакъдерг гойту, юкъара синмехаллаш йовзуьйтуш, адамашкахь лекхара синъоьздангаллин синхаамаш кхуллуш йолу дуьненахь тоьлла йолу дешан культурин исбаьхьаллин говзарш дешархошна йовзийтар.

10-чу классехь нохчийн литература к1иранах 3 сохьтехь хьеха лерина ю программа.